# 2021-жылдан баслап салық нызамшылығына киргизилген өзгерислер исбилерменлерге жеткерилди

Салық кодексине киргизилген өзгерис ҳәм қосымшалар, «2021-жыл ушын Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының мазмуны ҳәм әҳмийетин исбилерменлер менен кең жәмийетшиликке жеткериў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик салық басқармасы тәрепинен семинар шөлкемлестирилди.

Image not found or type unknown

Илажда салық тараўы қәнигелери, исбилерменлер ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери қатнасты.

Семинарда қәнигелер тәрепинен Салық кодексине киргизилген тийкарғы өзгерислер менен қосымшалар ҳәм 2021-жылда салық нызамшылығындағы жаңалықлар ҳаққында қатнасыўшыларға кеңнен мағлыўматлар берилди.

Image not found or type unknown

Мәселен, қосымша қун салығын төлеўши (ҚҚС) кәрханалар шеңберин кеңейтиў ҳәм ҚҚС шынжырының үзилиўиниң алдын алыў мақсетинде түсим өлшемине қарамастан алкоголь өнимлери, сондай-ақ, пивоны усақлап сатыў бойынша турғын саўда шақапшалары, базар ҳәм саўда комплекслери ҚҚС төлеўши кәрханалар есапланатуғыны белгиленди.

Image not found or type unknown

-Бүгинги илажда өзимди қызықтырған сораўларға қәнигелерден жетерлише жуўап табыў менен бирге усынысларымды да белдирдим, - дейди исбилермен Бекмурат Сейтмуратов. -Әлбетте бундай семинарлар, ушырасыўлардың

өткерилиўи биз исбилерменлер ушын пайдалы болмақта.

Семинар даўамында қатнасыўшылардан келип түскен барлық сораўларға қәнигелер тәрепинен зәрүр түсиниклер берилди.

Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик салық басқармасы Мәлимлеме хызмети